

BANGBALIKAN"

DI KARANG KOE

R. E. ARDIMIHARDJA.




Tangtoeng noe nanggoeng kabingoeng,
dina ngoelik harti batin,
badan anoe katempoehan,
lamoen hatena mengpeling,
enggoning dipangliwatan,
sepi miriwintji diri.

R. E. A.

Kon. Bat. Gen.

XXXIV

1028






Rp 256460

XXXX

„BANGBALIKAN”

DI KARANG KOE

R. E. ARDIMIHARDJA.




Tangtoeng noe nanggoeng kabingoeng,
dina ngoelik harti batin,
badan anoe katempoehan,
lamoen hatena mengpeling,
enggoning dipangliwatan,
sepi miriwintji diri.

R. E. A.

0010_65629860

0112930560





BOEBOEKA.

Sanes angkeuh angkėnan gadoeh kabisa, moeng sakadar ngadalangkeun rasa anoe toemiba ka djisim koering, malah-mandar para-maos sewang-sewang panasaran, kėrsa ngoedag rasa ėnja, njoesoel saer anoe mandjoer. Mėnggah kalėpatanana dina basana sarėng hartosna, djalaran sanes ahlina, ahli ngarang ngadangding ngagoerit, panoehoen kėrsa nawakoef. Hėnteu maksa-miroesa, margi angkeuhan mah bentėn-bentėn, sabawana-sabawana, mėnggah ngoedag rarasaėn, moeng bae teu kenging diaos koenoe soewoeng panėmoena, teu atjan ninggang wiwaha.

Hoermatna

R. E. Ardimihardja

Garoet October 1932.



ASMARANDANA.

1.

Asmarandana noe kawit,
sambara sangkan teu samar,
hontjewang powekeun hate,
akal sare'at tarekat,
dibanding koe hakna,
oelik sing něpi kadjoetjoeng,
ěngkena tangtoe ma'ripat.

2.

Ari ma'ripat teh wadjib,
njoemponan djalan ibadah,
laoen - laoen oge njaho,
anoemana harti islam,
atawa eusina,
Iman islam anoe toehoe,
lain iman bari ham - ham.

3.

Lamoen ngoelik sing katěpi,
akalan masing karasa,
hakekat koedoe dipake,
ambeh sagala kasasar,
ari hajang islam, . . .
islamna masing katimoe,
lain ngan toedoeh apdengam.

4.

Loba harti anoe noempi,
enteng tapi bari beurat,
lantaran pangkatna djëro,
leuwih djëro ti sagara,
oedagan noe ënja,
hartikeuneun anoe toehoe,
oelah alang koemapalang.

5.

Wiwitan noe djadi harti,
amarroelah kodarroellah,
ana breh beunang kakoreh,
sahadat nitah njaksian,
hakekat ma'ripat,
disoesoel laboeh kapoehoe,
oepama asak tarekat.

6.

Allah mah kongasna rachim,
natrat djëmbar reudjeung rachman,
njoekoepan kana sakabeh,
adil kabeh kaeusian,
Moehamad noe nampa,
oenggal rasa oenggal soeroep,
elingna ti kaädaman.

7.

Hěnteu ham - ham djadi hidji,
anoë tiloe dimanoesa,
manoesa pinoeh koe kabeh,
allohoe djadi pokona,
didalillan koer'an,
ana salah hěnteu timoe,
rasana ngan koemalajang.

8.

Rasa eling kanoe Soetji,
aja eling sasar tekad,
salawasna samar hate,
soemawonna djalan salah,
oemangkeuh elingna,
eling kanoe djararaoeh,
lain eling kanoe aja.

9.

Loemajan oerang taloengtik,
oerang sasar ti awalna,
esena sangkan kapětjeh,
lantaranana njare'at,
loewang moeasalna,
oelik sipat doea poeloeh,
harti jakin oerang pědar.

10.

KINANTI.

Pirbadi anoe ngawoedjoed,
kari-kari teu kaharti,
atoeh hamo ma'ripatna,
tětěp atina mengpeling,
kapir moetlak kasěboetna,
sangkaän noe lain-lain.

11.

Harti kapir reudjeung koepoer,
njaeta djadi pipinding,
teu malik kana badanna,
tonggoj bae noeding-noeding,
noeding njangka kanoe lian,
komo lěbah noe fanatiek.

12.

Kidam ngandoeng harti bingoeng,
tapi gampang toerta sidik,
sidik dina kanjahona,
nganjahokeun anoe wadjib,
wadjib heula mapaj-mapaj,
heula malikna kã diri,

13.

Heula teh djadi panoengtoen,
noengtoen sagala lampahna,
lampah tekad sangkan tigin,
tigin dikapribadian,
minangka djadi kadali,
kadalina dimanoesa.

14.

Manoesa pinoeh koe soeloek,
siloka hiroep djeung hoerip,
lain hoerip kadoenjaän,
tapi hoerip harti batin,
noe disëboetna napsiah,
napsoe mah kadjasmanian.

15.

Bako moenggoeh soeloek oemoem,
langgëng anoe djadi harti,
hartina langgëng ajana,
langgëngna bët hënteu sëpi,
batan koerang tambah loba,
sidik pisan goenta-ganti.

16.

Ari langgëng dina tangtoeng,
langgëng bëtahna di djinis,
përbawana kidam tea,
tiis djëmpling hënteu moesrik,

djadjaoeheun ngarasoela,
antěng langgěng didjasmani.

17.

Langgěng harti noe katiloe,
moenggoehing elmoening batin,
langgěng teu keuna koe riksa,
teu saroea djeung djasmani,
djasmani mah gawe anjar,
piwadaheun djadi eusi.

18.

Njampak eusi saban woedjoed,
woedjoed rea sapangeusi,
toerta langgěng pada-pada,
eusina tjoekoep ti hidji,
beda soteh gawe badag,
warisan Adam - hawadis.

19.

Ajeuna anoe kasěboet,
moehalapah lil hawadis,
beda djeung noe anjar,
anoë matak teu saroepe,
watěkna gawe badagna,
moenggoeh eusina mah sami,

• • 20.

Oerang anjar tjeuk karoehoen,
da gawe ngan silih-toeding.



oerang heubeul tjeuk baroedak,
njata kabeh teu saroepe,
tah hartina teu saroewa,
lěnjėpan masing kaharti.

21.

Lain beda teu kamaphoem,
anoė lěmboet teu kasoerti,
koemaha njaho bedana,
wawarehan noė diadji,
aja soteh kětjap beda,
moen njaksian kanoe lain.

22.

Badag lěmboet kapan goeloeng,
koempoel tapi teu ngahidji,
ana misah teu midoea,
lěbah mana rek kapanggih,
njoesoel kětjap teu saroewa,
kapan goeloeng djadi hidji,

23.

Ninggal kana kiamoehoe,
ditoengtoengan binapsihi,
goeloengna kakawasaän,
pikeun diri sapirbadi,
tara menta ditoeloengan,
da bongan pėrbawa djadi,

24.

Dioek nangtoeng teu koe batoer,
gawe djinis koe pirbadi,
kadjaba noe tanpa daksa,
geus poegoeh henteu walagri,
djasmani mandjing naraka,
mahiwal tipada ahli.

25.

Kakawasaän noe goeloeng,
hamo aja anoe nanding,
sidik tigin rasa bengras,
mo gedag katjingtjirihi,
tjaäng padang narawangan,
lamoen goeloeng geus ngahidji.

26.

Tjiri përbawana tangtoeng,
kitoë kieu koe pirbadi.
tjoekoep lëngkëp parabolna,
akal tarekatna mandjing,
sangkan bisana ma'ripat,
përtjaja njaho kadiri,

27.

Ari wahdaniat njoesoel,
njoesoeroep harti noe tadi,
sadatna djeung sasipatna,
oenggal dirim oenggal eusi,

sabawana - sabawana,
tanpa wilang da ngan hidji.

28.

Sah apalna tjarek tangtoeng,
sah asmana tjeuk pibadi,
sanadjan tjeuk batoer salah,
timbangan koema pibadi,
da hartina tjoekoep koe sa,
sa di kabeh pada hidji.

29.

Koedrat moeroe soeloek doemoek,
kawasa pangna ngadjadi,
moal aja teu kawasa,
iradat ngadjadi djisim,
kawasa - kersa sorangan,
sorangan malik kadiri.

30.

Kawasa geus boga tangtoeng,
kersa ngabdi kadjinis,
tangtoeng lain beunang hajang,
djinis lain beunang ngoelik,
toeroenan gawe badagna,
watėkna wėdalan batin.

31. . .

Diparabotan koe elmoe,
elmoe teh djalan pangarti,

nganjahokeun noe sorangan,
ragana reudjeungna batin,
wadjib boeka koe sorangan,
sangkan malik tigin ati.

32.

Paribasa elmoe toengtoet,
doenja siar sangkan mahi,
tara nitah toengtoet doenja,
doenja mah saokoer lahir,
ngaranna ge pangliwatan,
beda djalanna djeung batin.

33.

Ari elmoe tina hiroep,
hajat basana ki santri,
hiroep anoe kaoetara,
pedah bisa oedjag-adjig,
beda pisan reudjeung hajan,
hajan mah hartina hoerip,

34.

Saha noe geus bisa moeroe,
njidikeun hoeripna Soetji,
hoerip soetjina noe lian,
eusi mah maal ka toengtik,
beda pisan djeung badagna,
noe keuna koe tjara-tjiri.

35.

Sama teh hartina dangoe,
nja boektina dangoe tjëpil,
samiän noe ngadangoena,
eta mah dangoena batin,
batin teh ati pangkatna,
noe lëmës leuwih ti misti.

36.

Basar sipatna panoedoeh,
anoe ningal sarta sidik,
sidikna dikadoenjaän,
basiran panoedoeh ati,
basar djalan tina mata,
basiran mah djalanna sir.

37,

Kalam ngoetjap djadi saer,
moetakaliman kërëtëging,
saer kēdal tina baham,
këtjap ati mah teu moeni,
saoekoer eukeur sorangan,
ana kawarti nja bidjil.

38.

Bidjilna goeloeng djeung rasoel,
bidjil moeni ti djasmani,
koemaha bae mërnahna,
përbawana tina ati,

hade gorengna karasa,
sartana ngadjadi saksi.

39.

Kodiran pangkatna loehoer,
noe kawasana di diri,
tadi mah kawasa aja,
doemeh geus aja dilahir,
kawasa pangkat didoenja,
kodiran dina djisim.

40.

Kawasa lain keur batoer,
woengkoel pikeun sapirbadi,
batoer ge pada baroga,
lantaran ti pada ngeusi,
teu beunang disoegan-soegan,
kawasa ka lain ahli.

41.

Moeridan kersana agoeng,
kersa djadi lahir batin,
baeu taja kawegahan,
kitoe hajoe kieu djadi,
daekan sabar tawekal,
da njata keur sapirbadi.

42.

Aliman djadi panoetoep,
sabab loka nanggoeng harti,

elmoe asaling kětjapna,
hartina aliman jakin,
noe njahona kanjahona,
těpi sidik toerta jakin.

43.

Moeslimin reudjeung moeslimoen,
asal tina kětjap hidji,
noe ngagěm pangkat islam,
djoetjoeng elmoe islam tigin,
lain Islam sěmět tjangkang,
pinoehna koe aling-aling.

44.

Ilham islam kětjap elmoe,
aliman reudjeung moeslimin,
goenta-gantina pangkatna,
pokona mah da ngan hidji,
anoe matak pamoestoengan,
njaho kana elmoe batin.

45.

Kitoe ge lamoen ngaroentoej,
mapajna toer titi-soerti,
tina parabot anoe opat,
kalima goeloengna diri, • •
sare'at reudjeung tarekat,
hakekat ma'ripat pasti.

46.

Oepama anggeus kamaphoem,
poma rek diwidji - widji,
bawa parabot noe opat,
soeroepkeuneun dina diri,
ěnggoning dipangliwatan,
tamba kana sisip boedi.

47.

Toembal pikeun mawa tangtoeng,
djalan pikeun mawa diri,
sangkan oelah rek kagoda,
tětěp tigin kapirbadi,
gogoda pěrbawa doenja,
matak sasar sěpi harti.

48.

Tamat sipat doea poeloeh,
disipat malik kadjinis,
teu pira sakadar ěnja,
ěnja djadi ěnja boekti,
disilokaän pěrlambang,
pěrlambang soelit toer boeni.

49.


Tangtoeng asal doea poeloeh,
pangkat salapan di hidji,
sapoeloeh djadi ti bapa,
sapoeloeh ti indoeng pasti,

kapan kasapoeloh toenggal,
pangkat salapan djeung djirim.

50.

Adji anoe djadi panoetoep,
pěrbawa daek ngadjinis,
moeka mēdar silokana,
teu matak djadi pamali,
pamali reudjeung doroka,
koemaha pangkatna ati.

Amin.





Idjab kaboel dina mëndak
R. Ahmad Samsøedin.

DANGDANGGOELA.

1.

Rehing „mëndak” noe kawit didangding,
A sal tina këtjapna papëndak,
Disoeroepkeun kana powe,
Etangan tēpoeng taoen,
Ninggang powe taoen sinēlir,
A ngkeuhan noe ilahar,
Hajang koempoel rioeng,
Mitjangtjam anoe geus wafat,
A noe djadi poepoedenna koelawargi,
Dipēdar tikawitna.

2.

Sim koering kasoegri noe soemping,
A ngkeuhan mah nawiskeun kamēlang,
Mēlang kanoe dipoepoesten,
S ipatna nja poen Aoe,
O ēmoer dina sawēlas sasih,
E nggal sahna ti doenja,
D oemeh oedoer ripoeh,
I nfluenza sarēng eungap,
N ěpi kanoe disēbatna longontsteking,
Wafatna wēngi djoem'ah.

3.

A ri anoemawi kapieling,
P ěrwatĕkna boedak mawa hikmat,
A ling-aling kana hate,
T ěmahna moeroe soeloek,
N jaāngan moekakeun pipinding,
A marroelloh kawitna,
S arĕng anoe panoengtoeng,
A marroelloh kodarroellah,
S ami walatra sadaja pada ngeusi,
I meut taja noe ingkar.

4

H oreng soeloek noe atra katawis,
O enggal-mahloek dĕmi arek moelang,
K ědah bae mere hartos,
T jĕkĕleun anoe hiroep,
O ge poen anak ngantoen silib,
B asana toer tetela,
E djahan Allohoe,
R arat - reret bari ngedjah,
T ěroes lastari raga pisah djeung eusi,
A ntoekna kani'matan.

5.

O epami teu leukeun miriwintji,
E ta soeloek hamo kabboekana,
N ja tĕrasna tĕtĕlĕpek,

Tataros kanoe loehoeng,
I meut ngintip naloengtik diri,
Lampah tatap karampa,
O wěł teu kadoehoeng,
E usina matak karasa,
P atok loewang hade goreng sami-sami,
O ngkoh goeloeng ngahidji.

6.

O ewar pangadjak parantos hasil,
E tang-etang dongeng memeh toelang,
Laksana katineung hate,
O mong pamoenah napsoe,
E ling mēndak kanoe kawangsit,
Hatoeran mangga boeka,
Hatoer sami noehoen,
I eu wěngi sami bėrkah,
DJamoe sakadarna tamba nampik eusi,
I djabna mēndak tea.

R. E. A.

SINOM.

Malik nanja ka sorangan,
njatana hajang kasoerti,
masing asak njasar loewang,
masing rintih ngintip ati,
noe njare'at djeung noe boeni,
geura soesoel masing djoetjoeng,
rasakeun anoe toemiba,
kana diri sapirbadi,
boh hadena-boh gorengna tara pisah.

R. E. A.

PERPUSTAKAAN NASIONAL RI

Tanggal : 12 Januari 2012

Item ID : 0112530560

No. Induk : 201200103003653

BIB-ID : 0010-65629-860

Beli/Hadiah : Hadiah

TYP „DACHLAN - BEKTI“
BANDOENG, 57-1933